


# Topic: sèvi ak twalèt ak latrin:



- Twalèt ak latrin yo toujou dwe rete pwòp.
- Papye twalèt yo dwe jete nan yon resipyen ki gen kouvèti, pa janm jete yo atè. Resipyen yo dwe genyen yon sachè plastik.
- Asire w ke atè a ak twalèt e latrin yo netwaye chak jou.
- Kite pòt twalèt yo ak latrin yo fèmen.



“Bon netwayaj twalèt ak latrin yo, ap asire ou garanti yon environnman sèten”

# Dispozisyon fatra yo



- Mete fatra yo nan poubèl epi asirew ke yo byen kouvri.
- Sachè plastik yo dwe fèmen korèkteman.
- Chèche konnen ki lè yap pase pran fatra yo. Kenbe resipyen yo pare e pa akimile fatra yo.
- Lave resipyen ki gen fatra a avèk kote ou gade fatra yo chak jou.
- Mete fatra yo lwen avèk tank yo, droum yo, avèk tout lot kote ou gade dlo.


# Sèvi ak dlo



- Nan tiyo ou ponp piblik yo evite gaspiye dlo a , itilize-l sèlman si sa nesesè.



- Evite dlo sal, fatra nan alantou Basen , tiyo ou ponp piblik yo ak depo tank dlo yo .



- Toujou pran dlo nan boutèy ki pwòp , pa mete bouch ou nan tiyo ou ponp piblik yo.

- Li enpòtan pou tank yo ak lòt vesò ki gen dlo yo, byen kouvri.

# Pwoteksyon sous dlo



- Evite fè poupou ni fè pipi bo kote tèt tiyo ki nan zonn kotew ye a.
- Kite tiyo piblik yo ak tout bo kotel yo byen pwop san okenn fatra.
- Li enpotan pou kenbe kote sa yo pwop e pou evite ke gen tou ki gen dlo sal bo kote tiyo yo, ponp yo.
- Evite lave rad sal ak vesò kew fè mange yo nan resipyèn ou konn al pran dlo a tankou nan sa ou gade dlo trete a.

